

14 novanm

Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou : ni sou kay frè parèy nou, ni sou madanm li, ni sou moun k ap sèvi lakay li, ni sou bèf li, ni sou bourik li, ni sou okenn lòt bagay ki pou frè parèy nou. Egzòd 20. 17

Après, lè dezi a ansent, li akouche peche. E, lè peche fin devlope, li fè lanmò. Jak 1. 15

Pawòl 10 : Piga nou pote lanvi

Petèt dizyèm kòmmanman an pi radikal pase tout. Li mete byen klè sa ki nan nannan lalwa kote li pa sèlman kondane zak ak pawòl yo, men ki ale nan rasin nan : lanvi. Bagay sa ka parèt pa mwayen yon zak, konsa tou li ka rete kache, men anvan tout bagay, se yon atitid kè li ye.

Lanvi, se lè ou ta renmen gen bagay ki pa pou ou, sa Bondye wè ki pa twò enpòtan pou li ba nou. Kòmmanman sa bay kilti oksidantal materyalis nou an k ap chèche plezi yon kou dirèk jis nan rasin. Anpil fwa, medya yo ak piblisite ap simen lanvi nan lespri nou, se tout tan yo kenbe nou nan yon ensatisfaksyon.

Sa se pa lanvi, si nou ta vle fè biznis nou avanse, pou nou ta jwenn salè travay nou merite, oswa èd ki nesese pou nou ka satisfè bezwen nou yo. Men li pa bon pou nou ta vle gen yon bagay poutèt yon lòt moun genyen l. Poukisa pou n ap chèche genyen pi plis pase sa nou gen bezwen ? Youn nan konsekans materyalis ak egoyis nou an, se lè nou pa sansib anvè pòv ki tou pre nou yo ak nan lemonn antye.

Lanvi fè nou esklav peche epi li toufe mesaj pawòl Bondye a. Menm moun ki kretyen ka anba grif lanvi tou. Se sèl Lespri Bondye a ki ka delivre nou anba zong li : “Mache nan Lespri a epi nou pap akonpli dezi lachè ditou” (Galat 5. 16). Apot Pòl te ekri : “Mwen aprann kontante nan nenpòt sityasyon mwen twouve m” (Filipyen 4. 11).

14 novembre

Tu ne convoiteras pas la maison de ton prochain ; tu ne convoiteras pas la femme de ton prochain, ni son serviteur, ni sa servante, ni son bœuf, ni son âne, ni rien qui soit à ton prochain. Exode 20. 17

La convoitise... enfante le péché ; et le péché, une fois commis, produit la mort. Jacques 1. 15

Parole 10 : Tu ne convoiteras pas

Le dixième commandement est peut-être le plus radical de tous. Il met clairement en valeur la dimension intérieure de la Loi qui ne condamne pas seulement les actes et les paroles, mais qui va à la racine : la convoitise. Celle-ci peut s'exprimer par un acte ou rester cachée, mais c'est avant tout une attitude du cœur.

La convoitise, c'est désirer ce qui ne nous appartient pas, ce que Dieu ne juge pas utile de nous donner. Ce commandement porte un coup direct aux racines matérialistes de notre culture occidentale, et à sa recherche du plaisir. Souvent médias et publicités s'acharnent à instiller la convoitise dans notre esprit, ils nous maintiennent dans une insatisfaction permanente.

Ce n'est pas convoiter que désirer faire prospérer nos affaires, recevoir le salaire de notre travail, ou l'aide nécessaire pour répondre à nos besoins. Mais il est malsain de vouloir acquérir un bien simplement parce qu'un autre le possède. Pourquoi chercher sans cesse à posséder plus que ce qui nous est nécessaire ? Une des conséquences négatives de notre matérialisme et de notre égoïsme est l'indifférence envers les pauvres, près de nous comme dans le monde entier.

La convoitise nous asservit au péché et elle étouffe le message de la Parole de Dieu. Même les chrétiens peuvent vivre sous son emprise. Seul l'Esprit de Dieu peut nous délivrer de leur influence : "Marchez par l'Esprit, et vous n'accomplirez pas la convoitise de la chair" (Galates 5. 16). L'apôtre Paul écrivait : "J'ai appris à être content dans les situations où je me trouve" (Philippiens 4. 11).